



WAKIL BUPATI WONOSOBO

PAMEDHAR SABDA WAKIL BUPATI WONOSOBO ING ADICARA BIRAT SENGKALA PENGETAN AMBAL WARSA KAPING 200 KABUPATEN WONOSOBO

RABU LEGI, 23 JULI 2025

**Assalamu'alaikum Warohmatullohi Wabarakatuh,
Katentreman, Kabagan, Berkah soho Rohmat saking
Gusti Ingkang Hamurbo Alam Sawegung, Dhzat
Ingkang Atunggal mugi tansah tinampi temah kasanding
tuwin kasandang dhumateng saguning titah kalebet
panjenengan sedoyo lan kulo waradin sagung dumadi,
Widodo Niskolo satemah Lulus Raharjo
RAHAYU.....RAHAYU.....RAHAYU.**

- Katur dhumateng sesepuh lan pinisepuh ingkang pono ing pamawas miwah lebda ing pitutur ingkang satuhu Kinabekten.
- Jajaran Forkopimda ingkang kinurmat.
- Poro nimpuno tuwin winasis babagan pangolahing roso sejati ingkang kaimpun ing Majelis Luhur Kepercayaan Terhadap Tuhan Yang Maha Esa Indonesia (MLKI) Ingkang Satuhu Luhur ing Budi miwah

- Poro kadang Pamengku Kabudayan ingkang pantes nampi sagunging pakurmatan.

Langkung rumiyin, sumonggo panjenengan sedoyo lan kulo nyawijekaken sedyo lan roso ingkang konjem ing nolo saprelu sujud manembah ing pepadaning dzat ingkang atitah, kacihno ing dalu meniko panjenengan sedoyo lan kulo pinaringan kanugrahan awujud kabagaskwarasan tuwin kayuwanan satemah saget kempal manunggal ing papan meniko kanthi rinenggo ing karaharjan winengku ing kawilujengan.

Sagung pasarto birat sengkolo ingkang kalimput ing kamulyan.

Salajengipun adeg kulo ing papan meniko kaampingan dening Kepala Dinas Pariwisata dan Kebudayaan datan namung seremonial kemawon,nanging minongko wujud pakurmatan lan panyengkuyung dhumateng kapitadosan luhur ingkang panjenengan sedoyo ugemi lan lampahi.

Awit saking meniko kulo ngaturaken pambagya kawilujengan tuwin sugeng rawuh dhumateng poro kadang saking MLKI ingkang sampun mirungganaken wekdal sakprelu rawuh ing papan meniko kanthi sedyotomo ingkang sae nun inggih paring pakurmatan mirunggan dhumateng bumi Wonosobo ingkang katresnani.

Kula pitados bilih panjenengan sedoyo langkung pono babagan pangolahing batin lan roso, awit saking meniko

kulo masrahaken tirto suci saking pitung sumber ingkang sampun kasawijkaken, murih minongko sarono spiritual kangge hanyingkiri sekathahing reridu lan memolo wewengkon Kabupaten Wonosobo, ing rerangken ambal warso kaping 200 (*kalih atus*) Kabupaten Wonosobo warso 2025 (*kalih ewu selawe*).

Minongko perangan prosesi suci,tirto suci miwah bantolo ingkang sampun kasawab pujo pandongo saking poro wimpuno panggilut enim agomo ingkang kaimpun ing Forum Kerukunan Umat Beragama (FKUB) sinartan poro winasis penghayat saking MLKI, ingkang salajengipun badhe kapethak ing madyaning baciro projo sakupeng **Ringin Kurung**, handadosna sanepan keselarasan ingkang boten namung ritual simbolik,nanging minongko wujud panyuwun lumantar pujo pandongo miwah pangajab murih Wonosobo tansah kaberkahan kawilujengan lair lan bathin.

Kejawi saking meniko prosesi Birat Sengkolo nggadahi teges filosofis bab “**sangkan paran**” inggih meniko ngelingaken kulo lan panjenengan sedoyo minongko titahing Gusti Ingkang Moho Agung, murih saget wang sul ing jati dhiri kinaryo jalma ingkang welas asih, wicaksono sarto saget nglampahi agesang ing ngalam ndonyo saget selaras lan imbang.”

Kan thi manunggaling cipto, roso, karso lan karyo panjenengan sedoyo ingkang kawujudaken ing panembah dhumateng Dhzat Ingkang Moho Welas murih sedoyo

pabrayan agung Kabupaten Wonosobo saget kinalisno ing memolo tinebihna ing sakoro koro satemah tansah pinaringan anubowo kayuwanan.

Sinartan dedonga, Doyo Pangaribowo Gusti Ingkang Moho Agung saget kinabulno kajad panjenengan sedoyo lan kulo, tenibno ing rubedo lan memolo kalebet kamelaratan, stunting, miwah nggangsaraken lajuning ekonomi, ngundakaken kualitas sumber daya manusia lan raharjaning pabrayan agung, satemah saget gangsar samudayanipun dumugining samangke.

Salajengipun, jumbuh kalayan tema pengetan ambal warso kaping 200 Kabupaten Wonosobo, kulo nyuwun sedoyo pabrayan agung mundut intisari utawi filosofi ingkang kinandhut ing rerangken toto upocoro birat sengkolo meniko, kanthi hangejawantahaken ingkang saestu **“Dwi abad Wonosobo. Kukuh Ing Tembayatan, Unggul Ing Samukawis. Tumuju Wonosobo Raharjo Adil lan Makmur”**. Kanthi guyub rukun soho mad sinamadan, panjenengan sedoyo lan kulo saget mawujudaken gegayuhan. Wonosobo ingkang nggadahi rekodoyo, maju lan raharjo. Kanthi makaten monggo sami nyengkuyung sedoyo program pamarintah ing sawenehing bidang kairing samyo jogo guyub rukun, mad sinamadan, satemah pabrayan agung saget ngraosaken hayom, hayem lan tentrem kanthi waradin.

Awit saking meniko, monggo sesarengan paring panyengkuyung program pamarentah ing sadhengah bidang sinartan tetep jogo guyub rukun murih wargo masyarakat saget ngraosaken hayom,hayem lan tentrem kanthi waradin. Lan dhumateng sagung tamu ingkang rawuh kanthi greget minongko setunggaling pengabdian, kulo ngaturaken apresiasi lan matur nuwun.

Salajengipun, Tирто suci ingkang sampun kasawijekaken lan **pusoko piyandheling projo awujud Tombak Karawelang Katentreman miwah Songsong Bupati Anom**, kulo pasrahaken dhumateng poro winasis MLKI lan menawi sampun karaos cekap minongko sarono pangamping Birat Sengkolo, pusoko piyandheling projo enggal kundurno ing papan sekawit.

Sanggyo tamu ingkang mahambeg bowo laksono.

Makaten ingkang saget kulo aturaken, sedoyo lepat atur ingkang kirang jangkep, kulo nyuwun agunging pangapunten. Kulo pungkasi kanthi manjalmaning sesanti “hayu hayu... rahayu, siningkirno sakabehing rubedo, kalisno ing sikoro koro, Wonosobo tansah kuncoro lan raharjo”

Wasono.

**Wassalamu’alaikum Warohmatullohi Wabarokatuh.
Rahayu..... Nuwun.**

**WAKIL BUPATI WONOSOBO
Ttd
AMIR HUSEIN**